दिनांक; 23 जून 2017
आकाशवाणी, गोरखपुर
भोजपुरी समाचार

*राष्ट्रपति/नामांकन*

राष्ट्रपति पद खातिर एनडीए कै ओम्मेदवार रामनाथ कोविंद आजु संसद भवन में अपने नामांकन पत्र क तीनि गो सेट दाखिल कइलें। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, भाजपा अध्यक्ष अमित शाह, पारटी कै सीनियर नेता लालकृष्ण आडवाणी आ मुरली मनोहर जोशी के अलावे कई गो केन्द्रीय मंत्री अउर भाजपा सासित राज्यन कै मुख्यमंत्री मौजूद रहलें। श्री कोविंद, समरथन देवे वाले सज्जो राजनीतिक दलन क आभार जतावत कहलें कि उहां के येह पद के गरिमा के कायम रक्खबि। विपक्ष के ओम्मेदवार श्रीमती मीरा कुमार के अगिला सत्ताईस जून के नामांकन पत्र दाखिल कइले क आगम बाटे।

************

*स्मार्ट सिटी*

केन्द्र सरकार देस भर के तीस गो अउरियो सहरन के स्मार्ट सिटी के तौर पर विकसित करे क घोसणा कइले हवे। स्मार्ट सिटी मिशन के जरिये अबले चुनल गइल सहरन क संख्या बढ़ि के नब्बे हो गइलि है। केन्द्रीय सहरी विकास मंत्री एम. वेंकैया नायडू आजु नई दिल्ली में नया चुनल गइल सहरन के नांव क घोसणा कइलें। येहमें उत्तर प्रदेस क तीनि गो सहर झांसी, इलाहाबाद अउर अलीगढ़ सामिल हवें। श्री नायडू बतवलें कि आजु चुनल गइल सज्जो तीस सहरन के स्मार्ट सहर के तौर पर विकसित करे खातिर हर सहर पर सत्तावन हजार तीनि सौ तिरानबे करोड़ रूपिया क खरचा आई। येहमें से छियालिस हजार आठ सौ नवासी करोड़ रूपिया ढांचागत योजना पर अउर दस हजार पांच सौ चउदह करोड़ रूपिया प्रौद्योगिकी पर खरच कइल जाई।

************

*मुख्यमंत्री/स्मार्ट सिटी*

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, स्मार्ट सिटी मिशन के जरिये प्रदेस के तीनि नया नगरन के सामिल कइले पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर केन्द्रीय सहरी विकास मंत्री एम. वेंकैया नायडू के धन्यवाद् देत केन्द्र सरकार क आभार जतवले हवें। उहां के भरोसा दिहलीं कि प्रदेस सरकार चुनल गइल येह सहरन के विकास खातिर तत्परता से काम सुरू कइ के समय से काम पूरा करावे क हर सम्भव कोसिस करी। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस के बाकी बचल पांच गो सहरन मेरठ, रायबरेली, गाजियाबाद, सहारनपुर अउर रामपुर के स्मार्ट सिटी मिशन में सामिल करावे खातिर राजय सरकार गम्भीरता से कोसिस करी। उहां के कहलीं कि मिसन में सामिल कइल गइल सहरन में आधारभूत सुविधा अउर सेवा क विकास मानक के हिसाबि से करावे खातिर काम सुरू कइ दीहल गइल है। आजु चुनल गइल तीनि गो नया सहरन के सामिल कइ के प्रदेस में स्मार्ट सिटी मिशन क तहत अबले चुनल गइल सहरन क संख्या बढ़ि के सात हो गइलि है।

************

*मुखर्जी/बलिदान दिवस*

डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी के पुण्यतिथि पर आजु प्रदेस में कई गो जगहिनि पर उन्हें सरधा के साथे याद कइल गइल। राज्यपाल राम नाईक लखनऊ के डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी अस्पताल में लागलि उनके मुरती पर फूल चढ़ा के उन्हें आपन सरधांजलि दिहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि देस के आजादी अउर संविधान के रक्षा खातिर डॉक्टर मुखर्जी अपने जिनगी के बलिदान कइ दिहलें। येह मौका पर प्रदेस सरकार कै कई गो मंत्री अउर जानल–मानल लोगि मौजूद रहलें।

************

*राज्यपाल/सभा*

भारतीय सिक्षा मण्डल क तीनि दिन कै राष्ट्रीय कार्यकारिणी सभा आजु फैजाबाद में सुरू भइलि। प्रदेस कै राज्यपाल राम नाईक सभा के पहिला सत्र क उदघाटन कइलें। सभा में देस भर के कई गो विस्वविद्यालयन कै कुलपति अउर सिक्षा क्षेत्र कै गहन जानकार सामिल हो रहल हवें। येह मौका पर राज्यपाल कहलें कि सिक्षा क्षेत्र में बड़हन पैमाना पर भ्रस्टाचार बाटे जवने निजी क्षेत्र के विद्यालयन से सुरू होला। उहां के कहलीं कि अइसन हलतियो में कुछु विद्यालय अउर विस्वविद्यालय बिना नकल के इंतिहान करा रहल हवें जवने क अभिनंदन करे के चाही।

************

*लाहिड़ी/जयंती*

काकोरी काण्ड के नायक महान क्रांतिकारी राजेन्द्र नाथ लाहिड़ी के जयंती पर आजु प्रदेस में कई गो जगहिनि पर लोगि उन्हें सरधा के साथे याद कइलें। लखनऊ, कानपुर, वाराणसी, गोरखपुर अउर जौनपुर के ले के प्रदेस में कई गो जगहिनि पर लोगि लाहिड़ी जी के मुरती आ फोटो पर फूल माला चढ़ा के उन्हें आपन सरधांजलि दिहलें। राजेन्द्र नाथ लाहिड़ी के काकोरी काण्ड के सिलसिला में सतरह दिसम्बर सन् ओन्नईस सौ सत्ताईस के गोण्डा के जेलि में फांसी दे दीहलि गइलि रहे।

************

*अलविदा की नमाज़*

कड़ेर सुरक्षा इंतिजाम के बिच्चे आजु पूरा प्रदेस में रमजान महिन्ना के आखिरी सुक्क के अलविदा क नमाज़ अदा कइलि गइलि। नमाज़ के बाद लोगि देस में सान्ती अउर समृद्धि क दुआ मंगलें। कई गो सहरन में आजु अलविदा के नमाज़ के देखि के सहर के यातायात व्यवस्था में बदलाव कइल गइल। मस्जिदन के लग्गे साफ–सफाई क खास इंतिजाम कइल गइल रहे। सगरो मस्जिदन पर नमाजी लोगिन क भीड़ि रहलि। लखनऊ, कानपुर, वाराणसी, इलाहाबाद अउर गोरखपुर के ले के अलगि–अलगि सहरन में अलगि–अलगि मस्जिदन पर अलविदा क नमाज़ अदा करे बदे ढेरि संख्या में मुस्लिम समुदाय कै लोगि एकट्ठा भइलें।

************